

LENTERA

L&K ggang penggalih nampi T&E ntrem

RAhayu

(Beristirahat sejenak menerima damai sejahtera)

Edisi Februari 2025



UNTUK KALANGAN SENDIRI

BAHAN PA GKJ Bejiharjo

Diterbitkan oleh:
Bidang PWG GKJ Bejiharjo

BAHAN PA 3 – 8 FEBRUARI 2025

- 1. Wekdal Ening**
- 2. Kidung KPJ 84:1,3**
- 3. Pandonga**
- 4. Pamaosing Kitab Suci:** Rut 2:1-12
- 5. Renungan**

“Rut”

Punapa ingkang badhe panjenengan tindakaken nalika Gusti Allah mbekta panjenengan dhateng papan sanes ing pundi samukawsipun saestu benten kaliyan pakulinan panjenengan? Budaya, basa, kapitadosan, sadayanipun benten. Menawi wonten ing lingkungan kita piyambak, mesti nyaman lan aman wontenipun. Ananging kadospundi menawi ing satunggaling dinten kit akedah nilaraken sadaya punika? Kirang langkung kados mekaten ingkang dipun lampahi dening Rut, pawestri saking Moab. Piyambakipun krenteg nilaraken samukawisipun, dadosa tanah kalairan, brayat, kepara dewa-dewanipun, kange ndherek kaliyan Naomi punapa dene Gusti Allah. Keputusan punika temtu ngeda-edabi sanget, sebabipun Moab punika kalebet mengsaipun Israel.

Rut punika asalipun saking Moab, bangsa ingkang gadhah cariyos sujarah kirang prayogi kaliyan bangsa Israel. Wonten ing Pangandharing Toret 23:3-6, Moab sinebat minangka bangsa ingkang mboten pareng nyatunggil minangka umatipun Gusti amargi memengsahan kaliyan Israel rikala wonten ing pasamunan. Ananging saestu ngeramaken, wonten suwalikipun sujarah ingkang mboten sae kados mekaten, Rut ngendika klawan gumolonging manah, “*Bangsa panjenengan inggih bangsa kula, sarta Gusti Allah panjenengan inggih Gusti Allah kula.*” (Ruth 1:16). Kanthi ngendika mekaten, Rut saweg nelakaken krentegipun badhe ndherek Naomi mekaten ugi badhe mbangun Miturut kaliyan Gusti Allah. Rut mboten namung nilaraken tanah kalairanipun, ananging ugi nilaraken sadaya dewa-dewa Moab lan damel keputusan badhe ngetut wingking Gusti Allah. Panci, menawi miturut anger-anggering Toret mboten saged tiyang Moab punika nyatunggil minangka umatipun Allah. Ewa

semanten cariyos Rut punika nedahaken bilih sih rahmatipun Gusti nglangkungi sawernining pranatan-pranatan manungsa. Gusti Allah nyumerepi imanipun Rut lan ngagem bab punika dados perangan saking rancangan kawilujenganipun.

Rut katampi dening Gusti Allah mboten amargi status la nasal-usul ingkang Istimewa, ananging amargi manah ingkang tulus nresnani, kasetyan, lan iman ingkang nyata. Pramila, cariyos Rut punika nelakaken piwucal bilih Gusti Allah mboten mandheng *masa lalu* utawi *latar belakang* kita, ananging manah ingkang tulus lan kasagahan kangge ngetut wingking Gusti Allah. Sisih sanes, mboten maiben menawi kadangkala kita rumaos mboten pantes amargi kawinatesan tuwin karingkihan kita. Ewa semanten, sih katresnanipun Gusti Allah nglangkungi raos mboten pantes kita punika. Wonten ing pagesangan kita, Gusti Allah ugi nimbali kita supados anggadhahi manah ingkang sumadya nilaraken bab-bab ingkang mboten wonten ginanipun gegayutan kaliyan karsanipun Gusti Allah. Punapa kita sagad lumampah ing salebeting iman kadosdene Rut?

Diskusi:

1. Piwucal iman kadospunapa ingkang saged panjenengan pethik saking cariyos Rut punika?
2. Kadospundi makna “nilaraken samukawisipun kagem ngetut wingking Gusti Allah” ing satengahing konteks gesang kita wekdal punika?

6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 452:1,4

7. Pandonga

BAHAN PA 10 – 15 Februari 2025

- 1. Wekdal Ening**
- 2. Kidung KPJ 7:1,2**
- 3. Pandonga**
- 4. Pamaosing Kitab Suci: 1 Samuel 18:1-4**
- 5. Renungan**

“Yonathan”

Tiyang Jawi (Jawa) punika kawentar minangka satunggaling kelompok etnis ingkang inggil sanget raos gotong royongipun. Maneka warni bab ing gesang padintenan asring katindakaken sareng-sareng, ateges satunggal lan satunggalipun sami nyambut karya sareng-sareng. Conto kemawon ing gesang kita padintenan punika menawi wonten satunggal brayat ingkang kagungan damel, mangke sami ngempal nindakaken ayahanipun miturut bidang-bidang (seksi / sie) ingkang sampun katemtokaken. Sanesipun bab punika inggih kerja bakti, lan sakpanunggalipun. Ingkang wigatos ing suwaliking conto-conto kalawau inggih punika wontenipun kasagah ngurbanaken wekdal, daya, dana, lsp anggen sami asung pambiyantu lan panyengkuyung. Mila kawastanan, ing salebeting sesambutan ingkang prayogi lan sejati, punika mbetahaken raos lila legawa lan pangurbanan.

Yonathan punika putranipun Prabu Saul, ahli-waris ingkang sah saking dhampir Israel. Ananging nalika pinanggih kaliyan Dawud, piyambakipun saged nyumerepi rancanganipun Gusti badhe ndadosaken Dawud minangka ratunipun bangsa Israel ingkang salajengipun. Wonten ing waosan kalawau, Yonathan nedahaken sikep ingkang sanget prayogi kanthi masrahaken dhateng Dawud agemanipun, pangagemané perang inggih punika pedhang, panah lan sabukipun. Tumindak punika mboten kemawon dados pralambang memitra, ananing ugi tandha masrahaken wenangipun tuwin dados pangaken dhateng rancangipun Gusti Allah tumrap Dawud. Tumindakipun Yonathan punika mboten limrah miturut pakulinan wekdal semanten. Minangka ahli-waris ingkang sah, kedahipun Yonathan nggegegi posisinipun. Ananging kanyata bab

punika mboten katindakaken dening Yonathan. Yonathan nelakaken patrap setya minangka mitranipun Dawud ing satunggal sisih, lan minangka abdi ingkang ajrih asih dhumateng Gusti ing sisih sanes.

Adedhasar sadaya punika, tumindakipun Yonathan dados bukti bilih iman dhumateng Gusti Allah saged mbekta kita dhateng keputusan-keputusan ingkang langkung ageng lan jumbuh kaliyan karsanipun Gusti Allah. Yonathan lila legawa ‘ngurbanaken’ wenangipun amargi raos tresna dhateng Dawud lan bekti dhumateng Gusti. Wonten ing salebetting gesang padintenan, kita saged aben ajeng kaliyan kawontenan ing pundi kita ugi kedah ‘ngurbanaken dhiri’ kadosdene Yonathan, dadosa ing bab wekdal, daya, dana, pikiran, kepara ngantos bab ingkang wigatos sanget. Sumangga kita langkung malih nyinau mbudidaya nindakaken patuladhan saking Yonathan punika.

Diskusi:

1. Kadospundi miturut panjenengan sadaya ingkang katindakaken dening Yonathan punika?
 2. Kadospundi kita saged nedahaken katresnan tulus tanpa meningaken diri pribadhi ing gesang padintenan?
- 6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 196:1,2**
- 7. Pandonga**

BAHAN PA 17 - 22 Februari 2025

- 1. Wekdal Ening**
- 2. Kidung KPJ 69:1,2**
- 3. Pandonga**
- 4. Pamaosing Kitab Suci:** Yokanan 19:38-42
- 5. Renungan**

“Yusuf (saking) Arimatea”

Ing satengahing kawontenan ingkang ‘genting’, asring langkung gampil kange mendel lan ndherek sanesipun tinimbang mendhet resiko kange nindakaken ingkang leres. Contonipun rumaos ajrih sumelang kange mbelani tiyang sanes ingkang nampi tumindak awon utawi mboten adil amargi mangke saged dipun anggep benten, saged ugi ngantos dipun tebihi dening lingkungan sakiwa tengen. Ing kawontenan kados mekaten, kakendelan jumeneng ing sisih ingkang leres mbetahaken kakiyatan iman saha manah ingkang kekah. Bab punika, ingkang sayektosipun katindakaken dening Yusuf saking Arimatea.

Yusuf saking Arimatea punika peranganipun Sanhendrin, inggih punika dewan agami Yahudi ingkang ageng pengaruhipun. Sanhendrin punika gadhah tugas kange mranata paugeran agami, ngadili ingkang sami nerak angger-angger, lan mranata gesangng masyarakat Yahudi. Sanadyan anggadhahi status lan kalenggahan ingkang kalebet inggil, piyambakipun sedya dados muridipun Gusti Yesus ananging kanthi sesideman. Sebabipun rumaos ajrih dhateng para pangarsaning agami Yahudi sanesipun. Ananging nalika Gusti Yesus seda ing kajeng salib, Yusuf saking Arimatea kumawantun nyuwun layonipun Gusti Yesus dhateng Pilatus sebab badhe dipun sarekaken kanthi murwat. Tumindak kados mekaten sayektosipun ngemot resiko ingkang ageng sanget, sebab piyambakipun saged kecala posisi, jabatan, pakurmatan, kepara ngantos nyawanipun. Ewa semanten, Yusuf tetep sumadya nedahaken sih saha raos urmatipun dhumateng Gusti Yesus. Mila ing salebeting keputusan saha tumindakipun Yusuf punika, kita saged nyumerepi iman kapitadosan ingkang nglangkungi raos ajrih. Amargi raos tresna lan imanipun, Yusuf mboten malih menggalih bab kecalan jabatan lan

sanepipun, piyambakipun mbudidaya caos urmat dhumateng Gusti Yesus sanadyan ketingalipun sampun rampung lan mboten wonten pangajeng-ajeng.

Cariyos Yusuf saking Arimatea punika paring pemut bilih iman kapitadosan ingkang sejati punika asring mbetahaken kakendelan ingkang sayekti. Yusuf nedahaken bilih dados pandherekipun Gusti Yesus punika kedah katindakaken ing sadengah kawontenan, dadosa nalika sadaya ketingal sae lan nyaman-aman kemawon, ananging mekaten ugi nalika kawontenan sarwa-sarwi karaos awrat sanget. Temtu sampun nate kalampah punapa dene mbenjang ing wekdal salajengipun, kita aben ajeng kaliyan kawontenan ing pundi kita tinimbalan nelakaken iman sanadyan tegesipun mendhet resiko ingkang ageng. Yusuf saking Arimatea mboten miji wekdal ingkang aman kange tumindak, ananging malah nalika kawontenanipun saestu awrat lan kebak resiko ingkang ageng.

Diskusi:

1. Piwucal iman kados punapa ingkang panjenengan pethik saking cariyos Yusuf saking Arimatea punika?
2. Kadospundi kita tetep saged setya dhumateng Gusti Yesus nalika aben ajeng kaliyan maneka warni momotaning gesang?

6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 427:1,2

7. Pandonga

BAHAN PA 24 Februari - 1 Maret 2025

- 1. Wekdal Ening**
- 2. Kidung KPJ 82:1,2**
- 3. Pandonga**
- 4. Pamaosing Kitab Suci:** Lukas 24:13-35
- 5. Renungan**

“Kleopas”

Punapa kita nate rumaos piyambakan ngadhepi satunggaling bab, lan nembe sadar ing tembenipun bilih Gusti Allah sayektosipun saking wiwitan sampun nyarengi tuwin paring pitulungan? Saged kemawon amargi katilar tiyang ingkang dipun tresnani, ngadhepi kegagalan, utawi nrgaosaken cuwa ingkang lebet sanget. Ing kawontenan kados mekaten, saged tuwu pangraos kados-kados Gusti Allah punika tebih lan pandonga mboten kasembadan. Ananging menawi mangke sampun dumugi ing tembenipun lan kita noleh dhateng wekdal kawuri, kita dados sadar bilih kanyata Gusti tansah ngantri, namung kita kemawon ingkang mboten mangertosi lan ngraosaken. Kados mekaten ingkang kalampahan dening Kleopas lan rencangipun ing margi dhateng Emaus.

Kleopas punika salah satunggaling siswanipun Gusti ingkang tumuju dhateng Emaus sasampunipun sedanipun Gusti Yesus. kekalihipun sami cuwa lan semplah ing manah amargi Gusti Yesus seda ing kajeng salib, kamangka sami ngajeng-ajeng supados Gusti Yesus ngluwari Israel. Wonten ing perjalanan punika, Gusti Yesus piyambak ingkang rawuh lan tindak nyarengi kekalihipun ananging sami mboten mangertosi bilih punika Gusti Yesus. Gusti Yesus lajeng mbabaraken sadaya pameca ing Kitab Suci ingkang nedahaken bab Panjenenganipun. Rikala dumugi ing Emaus, Gusti Yesus nyuwil-nyuwil roti lan dumadakan sami nyumerepi bilih punika Gusti Yesus. Amargi kedlarung ing kasisahaning manah ingkang lebet, Kleopas lan rencangipun mboten saged enggal-enggal sadar bilih sayektosipun Gusti Yesus sampun rawuh lan nyarengi lampahipun dhateng Emaus.

Cariyos Kleopas punika dados gegambaran kadospundi kita saged mboten ngraosaken saha sadar bilih Gusti Yesus rawuh ing

gesang kita. Menawi sampun sibuk kaliyan perkawising gesang, cuwa kaliyan kawontenan, utawi mbujeng pikajeng kita piyambak, saged ndadosaken kita mboten saged nyumerepi bilih Gusti Yesus tindak sareng kita saha kersa mitulungi kita. Kleopas lan rencangipun sami nggegegi ing pikajengipun piyambak bilih Gusti Yesus kedahipun ngluwari umat saking penjajahan. Nalika bab punika mboten kalampah, kekalihipun sami cuwa ing manah lan surut iman kapitadosanipun. Kamangka sayektosipun, rancanganipun Gusti Allah langkung ageng saking punapa ingkang dipun bayangaken dening kekalihipun. Bab kados mekaten ugi saged kelampah ing gesang kita, inggih punika "*ndikte*" Gusti Allah supados tumindak kadosdene ingkang kita kajengaken. Ewa semanten, kadosdene Kleopas, Gusti Allah kuwaos mbikak manah kita ing kawontenan ingkang tan kinira. Pitakenanipun, punapa kita saestu saged tanggap lan sadar bilih sayektosipun Gusti Yesus tansah rawuh lan mitulungi kita? Utawi kita sibuk kaliyan kuciwaning manah kita piyambak?

Diskusi:

1. Punapa kemawon bab-bab ingkang saged ndadosaken kita dereng saged nyumerepi bilih Gusti Allah makarya ing gesang kita?
2. Kadospundi kita saged nggladhi diri kangge langkung tanggap lan sadar bab rawuhipun Gusti Allah ing gesang kita?

6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 113:12

7. Pandonga

Catatan:

Catatan:

